

**DEPATMAN-DETA ETA NEW YORK (NYS DEPARTMENT OF STATE) -  
DIVIZYON DISTRIBISYON LISANS (DIVISION OF LICENSING SERVICES)**

**PWOSEDI EGZAMEN  
ESTETIK PRATIK**

Sa ki anba la a se yon deskripsyon metòd egzamen nou pral mande ou pou fè.

Nou pral ba ou enstwiksyon ak yon anons kantite tan nou bay pou chak seksyon egzamen sa a. Pa kòmanse okenn nan metòd yo jouk lè nou ba ou enstwiksyon pou fè sa. Nou pa bay pèmisyon pou kandida yo pale youn ak lòt.

Tanpri sonje ou ta dwe manipile fo pwodui yo tankou si yo te vrè pwodui a.

***TANPRI SONJE: Ou dwe montre bon jan metòd sanitasyon ak dezenfeksyon pandan chak aspè egzamen sa a dapre lwa ak règleman konsènan amelyorasyon aparans.***

---

**PATI I - PREPARASYON ZÒN TRAVAY LA AK MODÈL (15 minit)**

W ap montre modèl ou nan yon zòn ki la pou sa pou chanje rad li epi pou li mete yon wòb salon. Pandan modèl ou ap chanje rad li ou ta dwe:

**Etap 1** Retire solisyon dezenfeksyon sifas ki melanje davans lan ak materyèl asosye yo nan twous ou epi dezenfekte sifas chèz tretman ou ak tab travay apre pwosedi ki obligatwa yo. ***Sonje pou tache yon sache pou mete sa ou gen pou jete yo nan estasyon travay ou nan moman sa a.***

**Etap 2** Prepare zouti ak materyèl ou yo sou tab travay ou nan yon manyè ki pwoteje òdone yon fason pou ou kapab pi byen fè rès pwosedi egzamen an. Atik makiyaj ou yo kapab rete nan twous ou jouk pita nan egzamen an.

**Etap 3** Ede modèl ou nan chèz tretman an epi kouvri kòd ak tèt modèl ou.

**PATI II - RANMASAJ CHEVE ANPLIS YO (15 minit)**

Aprè egzaminatè a tcheke preparasyon ou, materyèl you yo ak fason ou kouvri modèl ou, l ap di ou pou kontinye; ou ta dwe:

**Etap 1** Demontre yon pwosedi pou retire cheve avèk lasi ki mou: toudabò, nan lè vèsyon siperyè a avèk de (2) ti bann siraj epi answit sou yon zòn avanbra a avèk kat bann siraj ki gen gwo sè regilye. Demonstrasyon sa a ap bezwen ou itilize siwo myèl (ou achte nan yon boutik) kòm yon ranplasan pou vrè lasi a. Siwo myèl la sanble nan konsistans pou lasi ki cho a epi ou kapab retire li fasil avèk dlo.

Ou ta dwe fè demonstrasyon siraj la tankou si se vrè siraj w ap fè epitou li ta dwe gen ladan: preparasyon po a pou siraj la; aplikasyon pwodui siraj simile tankou si se te lasi cho; aplikasyon ak eliminasyon bann siraj yo; epi netwayaj po a pou retire nenpòt rès lasi.

**Etap 2** Rakousi sousi modèl ou. Sonje pou vini avèk yon modèl ki gen pwal sousi ki separe. Ou DWE

demontre vrè rakousisman an.

### **PATI III - FIGI (60 minit)**

Lè ou resevwa enstwiksyon pou kontinye, n ap mande ou pou:

- Etap 1** Rense ak tonifye figi ak kou modèl ou.
- Etap 2** Analize po modèl ou. Analiz la ap gen ladan itilizasyon yon lanp loup nou bay nan sant egzamen an.
- Etap 3** Fè yon masaj lejè nan figi a avèk yon minimòm kat mouvman masaj tankou mouvman efleraj, petrisaj, friksyon ak tapotman (pèkisyon).
- Etap 4** Simile ekstraksyon komedon yo alamen. (Tanpri Sonje: Vrè ekstraksyon an PA obligatwa.)
- Etap 5** Aplike yon mask tretman apwopriye pou modèl ou.
- Etap 6** Retire mask tretman an.
- Etap 7** Aplike pwoteksyon lajounen.

### **PATI IV - APLIKASYON MAKIJAJ AK NETWAYAJ (30 minit)**

Lè ou resevwa enstwiksyon pou kontinye, n ap mande ou pou:

- Etap 1** Pase yon makijaj konplè lajounen sou modèl ou. Kalite makijaj ou itilize a ta dwe apwopriye pou karakteristik fizik modèl ou epi li dwe gen ladan: baz; makijaj korektif kote li nesèsè; poud figi; koulè jou yo; omwen de fa popyè zye yo, youn pou anpil briyans oswa kontounaj; kreyon pou kontou zye a; maskara; koulè sousi a; liy lèy yo ak koulè lèy yo.

W ap montre modèl ou nan zòn chanjman an pou li mete rad ki te sou li a ankò. Pandan modèl ou ap chanje rad li ou ta dwe:

- Etap 2** Netwaye zòn travay ou epi re-anbale tou materyèl ou yo. Sof si ou resevwa enstwiksyon kontrè, ou ka jete dechè ou yo sou wout pou soti nan sal egzamen an.